

AVI KONFIDANSYALITE MHS

Dat Efektif: 14 avril 2003

Revize: 11 jen, 2014
22 septanm, 2015
30 novanm, 2017**AVI SA A DEKRI KIJAN
ENFÔMASYON MEDIKAL
SOU OU KAPAP ITILIZE
EPI DIVILGE AK KIJAN
OU KA JWENN AKSÈ NAN
ENFÔMASYON SA A.
TANPRI REVIZE LI
AVÈK ATANSYON**

Memorial Healthcare System (MHS) posede epi/oswa dirije divès lopital ak lòt etablisman swen sante pami yo, san limit, Memorial Regional Hospital, Joe DiMaggio Children's Hospital, Memorial Regional Hospital South, Memorial Hospital West, Memorial Hospital Miramar, Memorial Hospital Pembroke, Memorial Manor Nursing Home, Memorial Home Health, ak South Broward Community Health Services nan divès kote. MHS adisyonèlman anplwaye doktè avèk lòt pwofesyonèl swen sante.

MHS pwoteje konfidansyalite enfòmasyon medikal prive pasyan li yo anba yon pwogram konfidansyalite jan lalwa mande sa. Avi sa a dekri Pwogram Konfidansyalite MHS la.

**POLITIK NOU KONSÈNAN
ENFÔMASYON MEDIKAL:**

Nou Konprann enfòmasyon medikal ou se bagay prive. Nou kreye yon dosye pou swen avèk sèvis ou resevwa nan Memorial Healthcare System. Nou bezwen dosye sa a pou ba w bon jan swen epi pou konfòme ak kèk egzijans legal. Avi sa a aplikab pou tout enfòmasyon sou oswa ki gen rapò ak swen oswa tretman ki pwodui pa oswa pou lopital MHS yo ak lòt etablisman MHS yo, pami yo dosye swen w ki te fèt pa doktè prive w oswa lòt pwofesyonèl swen sante yo. Enfòmasyon medikal gen ladan li dosye tretman mantal, dosye reyabilitasyon dwòg avèk alkòl, ak rezilta tès VIH.

Kèk nan doktè w yo oswa lòt pwofesyonèl swen sante kabab se pa anplwaye MHS epi yo ka genyen diferan politik oswa avi ki konsène itilizasyon ak divilgasyon doktè a fè ak enfòmasyon medikal ou ki te kreye nan biwo oswa nan klinik doktè a.

Avi sa a pral pale w sou fason nou itilize epi divilge enfòmasyon medikal sou ou. Nou dekri tou dwa nou yo ak kèk obligasyon nou genyen konsènan itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal.

Lalwa egzije nou pou:

- fè si ke enfòmasyon medikal ki idantifye w rete prive jan sa dekri nan avi sa a.
- ba ou avi sa a sou obligasyon legal ak pratik konfidansyalite nou yo nan sa ki gen pou wè ak enfòmasyon medikal sou ou; epi
- respekte kondisyon avi a ki an vigè aktyèlman.

**KIJAN NOU KA ITILIZE EPI DIVILGE
ENFÔMASYON MEDIKAL SOU OU**

Kategori yo ki vini anba a dekri diferan fason nou itilize ak divilge enfòmasyon medikal. Pou chak kategori itilizasyon oswa divilgasyon, nou pral eksplike kisa nou vle di epi eseye bay kèk egzanp. Se pa chak itilizasyon oswa divilgasyon ki pral nan lis la. Men, tout fason yo pèmèt nou itilize epi divilge enfòmasyon pral tonbe nan youn nan kategori yo.

Pou Tretman

Nou ka itilize enfòmasyon medikal sou ou pou ba w tretman medikal ak sèvis. Nou ka divilge enfòmasyon medikal sou ou ak doktè, enfimiyè, teknisyen, etidyan nan medsin, oswa lòt pèsonel lopital ki enplike nan pran swen w nan lopital la. Pa egzanp, yon doktè ki ap trete yon pasyan pou yon zo kase bezwen gen aksè total a dosye w pou konnen nenpòt kondisyon medikal yo ki ta ka afekte pwosesis gerizon an. Menm bagay la aplikab pou yon dyetisyen pou li ka fè aranjman pou repa apwopriye. Diferan depatman nan lopital la ka pataje enfòmasyon medikal sou ou tou nan bi pou kowòdone bagay diferan ou bezwen, tankou preskripsyon tès laboratwa ak radyografi.

Nou kapab divilge enfòmasyon medikal sou ou ak moun andeyò lopital la ki ka enplike nan swen medikal ou pandan w nan ak apre w soti nan lopital la, tankou manm fanmi w, oswa lòt moun ki bay sèvis ki fè pati swen w. Nou ka divilge enfòmasyon medikal sou ou pou tretman, peman oswa kèk travay lòt founisè swen sante yo ki ap ba w swen.

Kèk enfòmasyon, tankou enfòmasyon jenetik, kèk enfòmasyon sou tretman reyabilitasyon abi dwòg ak alkòl, rezilta tès VIH, ak enfòmasyon sou tretman sante konpòtmantal, gen dwa a restriksyon espesyal lwa etatik ak federal yo bay nan sa ki gen rapò ak pwoteksyon pou enfòmasyon sa a.

MHS aktyèlman patisipe nan echanj enfòmasyon sante (HIE). HIE fèt pou pataje nan tout sekirite pa mwayen elektwonik enfòmasyon medikal ou ak lòt founisè w yo pou tretman ak peman sèvis tretman yo.

Objektif HIE la se pou ede doktè patisipan ak founisè yo bay pasyan yo swen ki pi bon, pi efikas ak pataj enfòmasyon medikal atravè sistèm elektwonik sekirize yo. Sa vle di ke, nenpòt kote w ale, enfòmasyon medikal ou ka disponib pou tout doktè ki itilize HIE a. Objektif HIE la se bay swen ki pi sekirize, pi kowòdone pou pasyan.

Ou kapab chwazi pou soti nan Echanj Enfòmasyon sou Sante a nan fè youn nan bagay sa a yo:

1. Voyer yon demann pa imèl bay MHSIE@mhs.net, avèk "Opt-Out" (Soti) nan liy sijè a ; OSWA
2. Poste yon demann alekri, siyen epi date bay Memorial Healthcare System, Health Information Management Department, Memorial Training Center, 2990 Executive Way, Miramar, FL 33025; OSWA
3. Avize anrejistreman ke w vle Soti

Mete tout bagay anba a yo nan demann imèl oswa kourye w pou nou ka asire nou idantifye enfòmasyon medikal egzat la pou restriksyon nan Echanj Enfòmasyon sou Sante a:

- a) Yon deklarasyon ke w vle SOTI nan HIE la.
- b) Prenon ak siyati (ak non segondè, si sa aplikab)
- c) Nimewo dosye medikal Memorial Healthcare System si sa disponib.
- d) Dat Nesans
- e) Nimewo Telefòn
- f) Adrès

Si ou deside chanje eksklizyon W epi w ta vle retounen, ou kapab CHWAZI ANTRE LADAN LI nenpòt lè. Tanpri kontakte nou nan imèl oswa nan kourye nan adrès ki anlè a epi mete yon deklarasyon ke w vle ANTRE NAN HIE la ansanm ak tout enfòmasyon ki nan sou-paragraf (b-f) anlè yo.

Si w voye yon demann ANTRE LADAN LI nan imèl, tanpri mete "Opt-In" nan liy sijè a.

Pou tout kesyon: Kontakte Memorial Healthcare System Privacy Office nan 954-265-1165

Pou Peman

Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal sou ou pou tretman ak sèvis yo ou resevwa nan lopital la pou nou kapab faktire epi peman kapab kolekte nan men w, yon konpayi asirans oswa yon twazyèm moun. Pa egzanp, nou kapab bezwen bay plan asirans sante w enfòmasyon sou swen ou te resevwa nan lopital la pou plan sante w la ka peye nou oswa ranbouse w pou swen an. Nou kapab pale ak plan asirans sante w tou sou yon tretman ou pral resevwa pou kapab jwenn apwobasyon prelab oswa pou detèmine si plan w lan pral kouvri tretman an.

Nou kapab divilge tou enfòmasyon a yon lòt founisè pou founisè a ka jwenn peman pou sèvis li te ba w. Pa egzanp, nou kapab bay non konpayi asirans ou a sèvis anbilans lan ki te transpòte w ak doktè yo ki te trete w nan lopital la.

Pou Jesyon Swen Sante

Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal sou ou pou revize tretman ak sèvis nou yo epi pou evalye pèfòmans pèsonèl nou yo. Nou kapab konbine enfòmasyon medikal sou anpil pasyan pou decide ki sèvis adisyonèl lopital la dwe ofri, ki sèvis yo pa bezwen, epi si kèk nouvo tretman efikas. Nou ka divilge enfòmasyon a doktè, enfimyè, teknisyen, etidyan nan medsin, ak lòt pèsonèl lopital nan objektif revizyon ak aprantisaj.

Nou ka konbine tou enfòmasyon medikal nou genyen ak lòt enfòmasyon medikal nan lòt lopital pou konpare fason nou ap travay epi wè ki kote nou ka amelyore swen ak sèvis nou ofri yo. Nou ka retire enfòmasyon medikal ou nan seri enfòmasyon medikal sa a pou lòt moun ka sèvi ak li pou etidye swen sante ak livrezon swen sante san yo pa konnen kilès pasyan espesifik yo ye.

Nou ka divilge enfòmasyon medikal sou ou a yon lòt founisè ki te trete w pou operasyon ki gen rapò ak kalite swen sante founisè a, oswa nan bi pou detekte fwòd ak abi oswa konfòmite nan swen sante. MHS ak lalwa egzije pou tout moun ki gen aksè nan dosye w yo chèche sèlman kantite enfòmasyon minimòm ki nesèsè pou fè travay ak sèvis yo pou rezon operasyon swen sante.

Divilgasyon Aksidantèl

Nou ka fè kèk itilizasyon oswa divilgasyon aksidantèl oswa envolontè ak enfòmasyon medikal ou. Pa egzanp, pandan doktè w ap eksplike kondisyon medikal ou, yon moun ki ap pase bò zòn tretman an ka tande yon ti moso nan konvèsasyon an.

Rapèl pou Randevou

Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal pou kontakte w kòm yon rapèl ke ou genyen yon randevou pou tretman oswa swen medikal nan lopital la.

Tretman Altènatif

Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal pou pale w sou oswa rekòmande opsyon posib pou tretman oswa altènatif ki ka nan enterè w.

Aktivite Ranmase Fon

Nou ka itilize enfòmasyon medikal sou ou pou kontakte w nan yon efò pou ranmase lajan pou lopital la ak operasyon li yo. Nou ka divilge tou enfòmasyon a yon fondasyon ki lye ak lopital la pou asiste nou nan aktivite ranmase fon nou yo. Enfòmasyon limite tankou adrès ou ak nimewo telefòn ou, dat, depatman ak rezilta tretman, non doktè w ak estati asirans ou ta pral dispanse pou fondasyon an ka kontakte w nan ranmase fon pou lopital la. Ou gen dwa pou chwazi soti nan kominikasyon pou kolekte fon nenpòt lè epi nou dwe onore demann ou. Tout kominikasyon konsa pral gen enstriksyon klè ak vizib sou kijan pou soti nan kominikasyon a lavni. Si ou ta prefere pa resevwa kominikasyon sou kolekte fon a lavni, tanpri kontakte biwo Memorial Foundation an oswa Joe DiMaggio Children's Hospital Foundation an:

imèl: mhsfoundation@mhs.net jdchfoundation@mhs.net

Telefòn: 954-265-3454

Adrès: 3711 Garfield Street
Hollywood, FL 33021

Ou kapab kontakte tou Direktè Konfidansyalite a nan:

Telefòn: 954- 265-5019

Adrès: 3111 Stirling Road
Hollywood, Florida 33312

Repètwa Lopital

Nou kapab mete kèk enfòmasyon limite sou ou nan repètwa lopital la pandan w se yon pasyan nan lopital la. Enfòmasyon sa a genyen ladan li non w, kote ou ye nan lopital la, kondisyon jeneral ou (ex., jis, estab, elatriye.) ak afilyasyon relijyez ou. Repètwa enfòmasyon an, ekseptè afilyasyon relijyez ou, kapab divilge a moun ki mande pou ou pa non w. Yo ka bay afilyasyon relijyez ou a yon manm klèje, tankou yon pè oswa yon raben, menm lè yo pa mande pou ou pa non w. Sa fèt konsa pou fanmi w, zanmi w yo ak klèje ka vizite w nan lopital la epi konnen an jeneral kijan w ye.

Ou gen dwa pou mande nou pa mete tout oswa yon pati nan enfòmasyon sou ou nan repètwa a. Ou ka mande estati "NO INFORMATION", ki vle di ou pap nan Repètwa Lopital la, epi lopital la pa pral rekonèt admisyon w a okenn moun ki ta mande. Demann estati "NO INFORMATION" w ta dwe ale nan Enskripsyon Pasyan oswa pèsonèl enfimye.

Asosye Biznis

Nou ka divilge enfòmasyon a youn nan asosye biznis nou yo, nan bi pou bay tretman, peman, oswa operasyon swen sante. Pa egzanp, nou ka divilge enfòmasyon medikal sou ou a yon konpayi ki voye bòdwo bay konpayi asirans yo nan non MHS pou pèmèt konpayi an ede nou jwenn peman pou sèvis nou bay. Lòt Founisè Swen Sante yo ka divilge enfòmasyon sou ou bay Asosye Biznis pa yo.

Moun ki enplike nan Swen W oswa nan peman pou Swen w

Nou kapab dispanse enfòmasyon medikal sou ou a nenpòt moun ki gen otorite legal pou pran desizyon swen sante nan non w, oswa a yon zanmi oswa fanmi ki enplike nan swen medikal ou. Nou ka bay tou enfòmasyon a yon moun ki ede peye pou swen w. An plis, nou ka divilge enfòmasyon medikal sou ou a yon antite ki ap asiste nan yon efò soulajman nan dezans pou yo ka enfòmè fanmi w sou kondisyon w, estati w ak kote w ye.

Rechèch

Nan kèk sikonstans, nou ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal sou ou pou rezon rechèch. Pa egzanp, yon pwojè rechèch ka enplike konparezon sante ak rekiperasyon tout pasyan yo ki te resevwa yon medikaman ak sa yo ki te resevwa yon lòt, pou menm pwoblèm nan. Tout pwojè rechèch, sepandan, dwe soumèt a yon pwosesis apwobasyon espesyal.

Anvan yon rechèch ka fèt san otorizasyon yon pasyan, pwojè rechèch yo pwopoze a pral sibi evalyasyon pandan yo ap esye balanse bezwen rechèch yo ak bezwen pasyan pou vi prive yo. Pwojè a dwe jwenn apwobasyon yon komite espesyal ki rele MHS Institutional Review Board (Komisyon Revizyon Enstitisyonèl MHS) la.

Jan Lalwa mande sa

Nou pral divilge enfòmasyon medikal sou ou lè lwa lokal, etatik ak federal egzije nou fè sa.

Pou Anpeche yon Menas Grav Sou Sante ak Sekirite

Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon medikal sou ou lè sa nesèsè pou prevni yon menas grav a sante ak sekirite w oswa sante ak sekirite piblik la oswa yon lòt moun. Nenpòt divilgasyon, sepandan, tap fèt sèlman a yon moun ki ka ede prevni danje a.

Swen Endijan

MHS itilize enfòmasyon medikal ki pwoteje pou bay swen a moun ki pa ka peye pou swen sa a. Sa enkli aktivite pou jwenn medikaman oswa anwole pasyan nan pwogram asistans medikaman ki bay pwodui gratis oswa a pri redwi.

KA PATIKILYE

Don Ògàn avèk Tisi

Si w se yon donè ògàn, nou ka itilize enfòmasyon medikal ki pwoteje pou a òganizasyon yo ki jere akizisyon ògàn oswa ògàn, grèf je oswa tisi oswa a yon bank don ògàn, a mezi sa nesèsè pou fasilite don ak grèf ògàn oswa tisi.

Militè ak Veteran

Si w se yon manm nan Fòs Lame yo, nou ka dispansè enfòmasyon medikal sou ou jan otorite militè yo egzije sa. Nou ka dispansè enfòmasyon medikal tou sou pèsònèl militè etranje a otorite militè etranje ki apwopriye.

Konpansasyon Travayè

Nou ka divilge enfòmasyon medikal sou ou pou konpansasyon oswa pwogram yo ki tankou sa. Pwogram sa a yo bay avantaj pou maladi oswa blesi ki gen rapò ak travay.

Risk pou Sante Piblik

Nou ka divilge enfòmasyon medikal sou ou pou aktivite sante piblik yo. Aktivite sa a yo an jeneral genyen ladan yo sa ki anba a yo:

- prevni oswa kontwòle maladi, blesi oswa andikap;
- rapòte nesans ak lanmò;
- rapòte reyaksyon ak
- medikaman oswa pwoblèm ak pwodui;
- Avèti moun sou rapèl pwodui yo ap itilize yo ;

Avèti yon moun ki te kapab ekspoze a maladi oswa kapab an danje pou kontakte oswa simaye yon maladi oswa yon kondisyon;

- Avèti otorite gouvènmantal apwopriye si nou kwè yon pasyan ki se yon minè oswa yon adilt andikape te viktim abi, neglijan oswa eksplwatasyon oswa pou avize lapolis sou yon blesi pa bal oswa lòt menas lavi ki endike vyolans. Nou pral fè divilgasyon sa a sèlman si w dakò oswa lè lalwa egzije oswa otorize sa.

Aktivite Siveyans Sante

Nou ka divilge enfòmasyon medikal a yon ajans pou siveyans sante pou aktivite yo lalwa otorize. Aktivite siveyans sa a yo gen ladan yo, pa egzanp, odit, ankèt, enspeksyon, ak bay lisans. Aktivite sa a yo nesèsè pou gouvènman an kontwòle sistèm swen sante a, pwogram gouvènmantal yo, ak konfòmite ak lwa sou dwa civil yo.

Pwosè ak Konfli

Nou ka divilge enfòmasyon medikal sou ou an repons a yon òdonans tribinal oswa administratif. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal sou ou tou an repons a yon manda, yon demann dekouvèt oswa lòt pwosesis legal dapre lalwa. Pati yo ki itilize pwosedi legal sa a yo pou jwenn enfòmasyon medikal sou ou gen obligasyon pou pale w de demann lan oswa pou jwenn yon òdonans pou pwoteje enfòmasyon yo mande yo. MHS gen pwosedi pou enfòmè pati yo sou obligasyon yo dapre lalwa epi chèche asirans nan konfòmite.

Fòs Lòd

Nou kapab dispansè enfòmasyon medikal sou ou si yon ofisyèl nan lapolis mande pou fè sa:

An repons a yon òdonans tribinal, manda, manda darè, konvokasyon oswa pwosè ki tankou sa, oswa tout kote otreman otorize pa lalwa;

- Sou konpòtman kriminel; ak
- Nan ka ijans pou rapòte yon krim; zòn krim nan oswa viktim yo; oswa idantite, deskripsyon oswa zòn kote moun ki fè krim nan ye a.

Kowonè, Egzaminatè Medikal ak Direktè Pomp Finèb

Nou ka dispansè enfòmasyon medikal sou ou a yon kowonè oswa egzaminatè medikal. Li kapab nesèsè pa egzanp, pou idantifye yon moun mouri oswa pou detèmine kòz lanmò li. Nou ka dispansè enfòmasyon medikal tou sou pasyan yo nan lopital la a direktè pomp finèb yo jan sa nesèsè pou fè travay yo.

Aktivite Sekirite Nasyonal ak Ransèyman

Nou kapab divilge enfòmasyon medikal sou ou a ofisyèl federal otorize pou ransèyman, Kont-espionaj, avèk lòt aktivite sekirite nasyonal otorize pa lalwa.

Sèvis pwoteksyon pou Prezidan an ak Lòt Moun

Nou ka dispanse enfòmasyon medikal sou ou si nou, nan tout bòn fwa, kwè dispansasyon an nesèsè pou anpeche oswa diminye yon menas grav ak imedyat pou sante oswa sekirite yon moun oswa piblik la. Nou kapab divilge enfòmasyon medikal sou ou a ofisyèl federal otorize pou kapab bay pwoteksyon a Prezidan an, lòt moun ki gen otorite oswa Chèf Deta etranje oswa pou fè ankèt espesyal.

Prizonje

Pou pasyan yo ki se prizonje nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa anba gad yon responsab lapolis, nou kapab dispanse enfòmasyon medikal sou pasyan an bay enstitisyon koreksyonèl la oswa responsab lapolis la. Divilgasyon sa a tap nesèsè (1) pou enstitisyon an ka bay pasyan an swen sante; (2) pou pwoteje sante ak sekirite pasyan an oswa sante ak sekirite lòt moun; oswa (3) pou sante ak sekirite enstitisyon koreksyonèl la.

DWA W YO KONSÈNAN ENFÒMASYON MEDIKAL SOU OU

Dwa pou Enspekte epi Fè Kopi

Ou gen dwa pou verifye epi resevwa kopi enfòmasyon medikal ki ka sèvi pou pran desizyon sou swen ou. Jeneralman, sa gen ladan li dosye medikal ak bòdwo.

Pou verifye epi resevwa yon kopi enfòmasyon medikal ki ka sèvi pou pran desizyon sou ou, ou dwe soumèt demann ou an alekri bay Health Information Management Department an (Depatman Jesyon Enfòmasyon sou Sante). Si w mande yon kopi enfòmasyon an, nou pral chaje w yon frè pou depans pou kopye, poste oswa lòt ekipman ki asosye ak demann ou an. Si dosye w yo te konsève nan fòm elektwonik, ou ka mande yon kopi nan fòm elektwonik, oswa deziyen nou voye dosye w yo ba yon twazyèm moun nan fòm elektwonik.

Nou ka rejte demann ou pou verifye epi resevwa yon kopi nan kèk sikonstans ki limite. Si yo refize w aksè nan enfòmasyon medikal, ou ka mande pou yo revize refi a. Nou pral revize demand ou an jan lalwa mande sa, epi refize aksè sèlman lè nou jije sikonstans limite sa a yo aplike.

Dwa pou Amande

Si w santi enfòmasyon medikal nou genyen sou ou pa kòrèk oswa li enkonplè, ou ka mande pou amande enfòmasyon an. Ou gen dwa pou mande yon amannman depi enfòmasyon an te konsève pa lopital la oswa pou lopital la. Pou mande yon amannman pandan tretman, demann ou an dwe fèt a founisè ki te kreye dosye a. Pou mande yon amannman apre tretman, demann ou an dwe fèt alekri epi soumèt li a Hospital Privacy Director (Direktè Konfidansyalite Lopital) la. Dosye medikal yo pral amande sèlman atravè enfòmasyon adisyonèl ki di egzakteman a ki lè ak nan ki dat enfòmasyon an te ajoute. Dosye ki egziste deja yo pa pral soti, detui, oswa chanje nan yon fason ki fè yo vin pa kapab li antre orijinal la.

Nou ka rejte demann ou pou yon amannman si li pa fèt alekri oswa li pa gen ladan li yon rezon pou apiye demann lan. An plis, nou ka rejte demann ou an si w mande nou pou amande enfòmasyon ki:

• Pat kreye pa nou menm, amwenke moun nan oswa antite ki te kreye enfòmasyon an pa disponib ankò pou fè amannman an;

- Pa fè pati enfòmasyon medikal ki konsève pa oswa pou lopital la;
- Pa fè pati enfòmasyon ke nou ta pèmèt ou verifye oswa kopye; oswa
- Ki kòrèk epi konplè.

Dwa a yon Kontabilite Divilgasyon

Ou gen dwa pou mande “kontabilite divilgasyon yo.” Se yon lis divilgasyon nou fè ak enfòmasyon medikal sou ou pou lòt rezon ki pa tretman, peman, oswa operasyon swen sante.

Pou mande lis sa a oswa kontabilite divilgasyon yo, ou dwe soumèt demann ou an alekri ba Direktè Konfidansyalite a. Demann ou an dwe endike yon peryòd tan ki pa depase siz an epi ki pa gen ladan yo dat anvan 14 avril, 2003. Premye lis la ou mande nan yon peryòd 12 mwa pral gratis. Pou lis adisyonèl yo, nou ka chaje w pou depans pou bay lis la. Nou pral avize w sou konbyen sa koute epi ou ka chwazi pou retire oswa modifiye demann ou an nan lè sa a anvan depans yo fèt.

Dwa pou Mande Restriksyon

Ou gen dwa pou mande yon restriksyon oswa limit nan enfòmasyon medikal nou itilize oswa divilge sou ou pou tretman, peman oswa operasyon swen sante.

Nou pa oblije dakò ak demann ou an.

Kòm yon kesyon woutin, MHS pa dakò ak restriksyon sou itilizasyon nou ak enfòmasyon pou tretman, peman oswa operasyon swen sante. Sepandan, si w gen sikonstans espesyal nou ta dwe konsidere, ou ka mande restriksyon sou itilizasyon oswa divilgasyon enfòmasyon medikal ou. Demann sa a dwe fèt alekri bay Direktè Konfidansyalite a ki nan dènye paj avi sa a. Demann ou an dwe mansyone sikonstans espesyal yo. Si se ak lajan nan pòch ou peye pou sèvis espesifik yo, ou ka mande pou PHI sou sèvis sa a pa divilge bay plan sante w. MHS pral akòde yon demann konsa; sepandan, restriksyon an pa anpeche MHS divilge sijè PHI la bay plan sante a lè plan sante a bezwen enfòmasyon sa a pou trete w. Ou gen dwa pou mande yon limit nan enfòmasyon medikal nou divilge sou ou ba yon moun ki enplike nan swen w oswa peman pou swen w, tankou yon manm fanmi oswa zanmi.

Dwa pou mande**Kominikasyon Konfidansyèl**

Ou gen dwa pou mande nou kominike ak ou sou pwoblèm nan yon sèten fason oswa yon sèten kote. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakte w sèlman nan travay ou oswa pa imèl.

Pou mande kominikasyon konfidansyèl, ou dwe fè demann ou an alekri bay the Hospital Privacy Director (Direktè Konfidansyalite Lopital la).

Nou pa pral mande w rezon pou demann ou an. Nou pral itilize pi bon efò nou yo pou akomode demann ou yo. Demann ou an dwe espesifye kijan oswa ki kote w swete nou kontakte w. Si w fè demann nan apre tretman te kòmanse, ou ka oblije fè demann nan tou a doktè yo ki ap trete w nan lopital la.

Dwa a yon Kopi Papye Avi sa a

Ou gen dwa a yon kopi papye avi sa a. Ou ka mande nou ba w yon kopi avi sa a nenpòt lè. Menm si w dakò pou resevwa avi sa a elektwonikman, ou toujou gen dwa a yon kopi papye avi sa a.

Ou ka jwenn yon kopi avi sa a nan sitwèb nou, www.mhs.net.

Pou jwenn yon kopi papye avi sa a, ou ka fè demann nan nan bouch oswa alekri a pèsonèl ki ap pran swen ou nan etablisman MHS la.

CHANJMAN NAN AVI SA A

Nou rezève dwa pou chanje avi sa a. Nou rezève dwa pou fè avi revize oswa chanje a efikas pou enfòmasyon medikal nou deja genyen sou ou menm jan ak nenpòt enfòmasyon nou resevwa a lavni. Nou pral poste yon kopi avi aktyèl la nan lopital la ak nan sitwèb MHS la. Avi a pral genyen dat efektif la nan premye paj la. An plis, chak fwa ou anregistre nan oswa entèn nan lopital la pou tretman oswa sèvis swen sante kòm pasyan ki entèn oswa ekstèn, nou pral genyen avi a disponib pou ou pou pran ak ou, lè ou mande sa.

PLENT

Si w kwè yo te vyole dwa konfidansyalite w, ou ka depoze plent ak lopital la oswa ak U. S. Department of Health and Human Services (Depatman Sante ak Sèvis Imen Etazinin an) nan :

OCR Regional Manager
Office for Civil Rights
U.S. Dept. of Health and Human Services
61 Forsyth Street, SW- Suite 3870
Atlanta, GA. 30303
Telefòn: 404-562-7886
FAKS: 404-562-7881
Imèl OCRMail@hhs.gov
Sitwèb: <http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/complaints/index.html>

Pou depoze yon plent ak lopital la, ou ka kontakte the Privacy Director (Direktè Konfidansyalite) lopital la. Tout plent yo dwe soumèt alekri.

Yo pa pral penalize w paske ou depoze yon plent.

**LÒT ITILIZASYON ENFÒMASYON
MEDIKAL**

Lòt itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon medikal ki pwoteje ki pa kouvri anba avi sa a oswa lwa yo ki aplike a nou pral fèt sèlman ak pèmasyon alekri w. Si w ban nou yon otorizasyon pou itilize oswa divilge enfòmasyon medikal sou ou, ou ka retire otorizasyon sa a, alekri, nenpòt lè. Si w retire otorizasyon sa a, nou pa pral itilize oswa divilge enfòmasyon medikal sou ou ankò pou rezon yo otorizasyon alekri w la kouvri. Nou konprann nou pa kapab reprann okenn divilgasyon nou deja fè ak pèmasyon w, epi yo egzije nou kenbe dosye swen nou te ba w. Si w gen nenpòt kesyon sou avi sa a, tanpri kontakte Direktè Konfidansyalite Memorial Health Care System nan.

Memorial Privacy Office
ATTN: Privacy Director
Memorial Healthcare System
Legal Department
3111 Stirling Road
Hollywood, EL 33312
Office:(954) 265-5019